


La Bib pou ti moun
prézanté

Pyè ak puisans lapriyè



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Apot Pyè te
vwayaje nan
tout peyi a pou
li pale de Jezi.




Yon jou, nan yon vil
yo rele "Lydde", li te
jwenn yon nonm ki
te paralize epi ki
te kouche sou yon
kabann pandan uit an.
Pyè di li : "Jezikri
geri w. Leve kanpe,
ranje kabann ou."
Epi nonm nan te leve
menm lè a.



Tout moun nan vil la
te wè sa, epi yo te
konvèti vin jwenn
Senyè a.




Nan vil Joep, pèp la te tris.
Yon kretyèn ki te rele Dòkas
te fèk mouri. Zanmi li yo ki
te nan lapenn te prepare kò li
pou antèman an, epi yo te
mete li nan yon chanm anlè.




Men, zanmi Dòkas yo
te aprann Pyè te nan
zòn nan. Yo te rele l
pou l vin Joje san pèdi
tan. Lè li te rive nan
chanm nan, vèv yo te
montre tinik ak rad
Dòkas t ap fè yo. Yo
tout t ap kriye.



Men, Pyè te fè tout
moun soti, li te mete
ajenou, epi li te priye.
Li te vire gade kò a, li
di : "Dòkas, leve !"
Dòkas louvri je li, lè l te
wè Pyè, li te leve chita.





Pyè lonje men l ba
li, li fè l kanpe.
Aprè sa, li te rele
sen yo ak vèv yo,
epi li te prezante
yo l vivan. Tout
moun Jope te vin
konnen sa, epi anpil
moun te kwè nan
Senyè a.



Pyè te rete pandan yon ti tan Joje, nan yon
kay bò lanmè a. Yon jou li te monte sou do
kay la pou l priye. Si li te gade padèyè

miray vil la, li ta wè twa
vwayajè k ap vin jwenn

li.



Mesye sa yo se te sèvitè yon ofisye women ki te rele Kònèy, epi ki t ap adore Bondye. Li te voye sèvitè l yo kot Pyè paske yon zanj te di l



nan yon vizyon :
"Fè Pyè vini. Li rete lakay yon bòs tanè. Li ava di w sa pou w fè."



Pandan Pyè t ap priye sou do kay la, Bondye te voye
yon vizyon ba li. Li te wè yon bagay tankou yon gwo
nap ki t ap desann atè a, kote ki te gen bèt ak zwazo
yo. Pyè te di yo pa te sen,
poutèt sa Jwif yo pa te dwe
manje yo. Yon



vwa te di li :
"Leve, Pyè,
touye epi
manje."



Men, Pyè te di : "Non,
Senyè, paske mwen pa te
janm manje anyen ki pa
pwòp oswa ki pa sen." Yon
dezyèm fwa, yon vwa te
di li : "Sa Bondye te di ki
sen, pa wè l tankou yon
bagay ki pa sen." Sa te
rive twa fwa, epi apre sa,
bagay la te monte nan
syèl la.



Pyè pa te konprann siyifikasyon vizyon an.
Pandan li t ap reflechi, Lespri a te di l twa
mesye t ap mande pou li, epi li te dwe desann.
Lè twa mesye yo te di Pyè yon zanj te di
Kònèy pou l vin chèche li, Pyè te
rekonèt mesaj Bondye
a. Nan demen, li menm
ak sis zanmi l te ale
lakay Kònèy.





Pandan li t ap mache
al lakay yon moun ki
pa te yon Juif, Pyè te
kòmanse konprann
Bondye renmen tout
pèp yo — Bondye vle
pou tout nasyon yo
rekonèt Jezi se Sovè
mond lan. Lè Pyè te
rive, Kònèy te tonbe
ajenou nan pye l epi li
te pwostène devan l.



Pyè te leve l epi li di l : "Leve, mwen menm tou mwen se yon nonm." Apre sa, li di moun yo nan kay la : "Nou konnen yon Juif pa gen dwa mele ak yon etranje, ni antre lakay li."



"Men, Bondye te aprann mwen pou m pa gade okenn moun kòm moun ki sal oubyen enpi."



Pyè di moun ki pa Jwif sa yo Jezi se Pitit Bondye, ki te mouri sou kwa a epi ki te resisite pou li te vin Sove mond lan. Lè sa a, Sentespri a te desann sou yo, epi yo te kòmanse ap fè lwanj pou Bondye. Sis zanmi jwif Pyè yo te sezi. Se te tankou jou lapannkòt la. Don Sentespri a te desann sou payen yo tou. Apre sa, Pyè te batize nouvo kwayan

yo nan
Jezi.



Nan Jerizalèm, kreyen yo te repwoche Pyè paske li te vizite payen. Lè sa a, Pyè te rakonte yo vizyon li te fè a ak vizyon Kònèy la. Lè yo te tande sa, kreyen Jerizalèm yo te sispann pale. Epi yo te fè lwanj pou Bondye, ki te montre Legliz la, atravè lapriyè, lanmou Bondye se pou tout moun.



Pyè ak puisans lapriyè

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Travay Apot yo 9-12

"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130



Fen



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyè sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

